



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER  
ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedyat: 22 out 2013

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE SUNY COLLEGE OF NANOSCALE SCIENCE AND ENGINEERING ACHTE  
KIERNAN PLAZA ENPÒTAN POU KREYE YON SANT POU TEKNOLOJI 'VIL ENTÈLIJAN'**

***Pwojè \$30 Milyon Dola Pral Pèmèt Lansman Anba-Lavil la, Kreye epi Konsève 250 Djòb Teknik Avanse,  
epi Sipòte Edikasyon ak Fòmasyon Mendèv la***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse SUNY College of Nanoscale Science and Engineering (CNSE) achte Kiernan Plaza enpòtan ki anba-lavil Albany, yon etap enpòtan pou sipòte lansman bilding vid an yon sant pou konpayi teknoloji 'vil entèlijan', rechèch, edikasyon, ak fòmasyon mendèv. Pwojè \$30 milyon dola CNSE alatèt li, Konsèy Developman Ekonomik Capital Region Gouvènè Cuomo idantifye kòm yon pwojè ki gen priorite, pral mete New York nan yon pozisyon kòm yon eta mondal nan nouvo endistri teknik avanse sa a.

Gouvènè Cuomo di konsa, "Transfòmasyon Kiernan Plaza an Smart Cities Technology Innovation Center (Sant Inovasyon Teknoloji Vil Entèlijan) pral bay yon platfòm tounèf pou facilite nouvo rechèch, edikasyon ak fòmasyon mendèv pou nouvo teknoloji vil entèlijan. Avèk pwojè Konsèy Rejyonal la, epi nan patenarya avèk CNSE, non sèlman nou reyalize yon re-itilizasyon serye biling istorik sa a ki vid depi lontan, men tou n ap pran avantaj sou pwen fò eta nou an kòm yon premye eta endistri teknoloji avanse pandan n ap bay yon sipò ekonomik enpòtan pou anba-lavil Albany avèk kreyasyon ak konsèvasyon anpil santèn nouvo djòb. Sa a se yon lòt egzanp fason gouvènman eta a ap ranfòse ekonomi rejyonal yo epi lanse kominote ki toupatou nan eta a avèk patenarya publik-prive."

Vis-Prezidan ak Direktè Jeneral CNSE, Alain Kaloyeros, di konsa, "Pwojè piyonye sa a se yon temwayaj ki montre apwòch Gouvènè Andrew Cuomo ki baze sou inovasyon pou lansman anba-lavil la, epi pou siksè estrateji Konsèy Developman Ekonomik Rejyonal, nan facilite sektè teknoloji vil entèlijan k ap devlope vit pou sipòte kapasite ekonomik nan kè anba-lavil Albany. Nou kontan anpil pou fè transfòmasyon sa a nan Kiernan Plaza, ki pral fè reyon sa a ak eta a vin yon baz ki pwouve pou nouvo teknoloji, respire nouvo lavi nan yon biling ikonik, epi bay opòtinite enteresan pou edikasyon nano-teknoloji, fòmasyon ak karyè pou sitwayen yo toupatou nan kominote nou an."

CNSE te resevwa yon sibvansyon \$4 milyon dola nan yo pwojè Konsèy Rejyonal Gouvènè Cuomo pou sipòte acha ak enstalasyon Kiernan Plaza pou atire djòb nan teknoloji vil entèlijan ak konpayi yo nan anba-lavil Albany. Smart Cities Technology Innovation Center (SCiT) (Sant Inovasyon Teknoloji Vil Entèlijan CNSE pral jwenn finansman CREDC pou jenere yon lòt \$26 milyon dola nan sipò sektè prive a, sa k ap pèmèt kreyasyon ak konsèvasyon 250 djòb teknoloji avanse nan anba-lavil Albany. Nan pwosesis la, Sant SCiT pral detèmine Vil Albany kòm yon sant 21yèm pou nouvo teknoloji rechèch, edikasyon ak fòmasyon mendèv, epi l ap sèvi kòm yon faktè iben pou lansman ak yon platfòm pou angajman kominotè.

Teknoloji vil entèlijan yo gen ladan aparèy entèlijan, detektè, ak pis enfòmatik, sistèm entegre, ak lojisyèl eksplwatasyon ki rasanble ak analize done pou kontwòl kondisyon otowout epi pou amelyore vitès sikilasyon an; pwoteje enfrastrikti enpòtan, tankou pon, sant done ak enstalasyon sèvis publik; pwoteje enfrastrikti tankou izin tretman dlo ize; epi bay pwoteksyon sou entènèt ak sekirite nan anviwònman edikasyonèl.

Nan mennen Sant SCiT, CNSE pral asosye toudabò avèk CHA, k ap mete biwo santral sosyete li ak ekip dirijan li nan Kiernan Plaza kòm yon mwayen biling sou kapasite jeni endistri prensipal li nan sistèm entèlijan yo, enèji pwòp ak manifakti nan patenarya avèk CNSE.

Answit, CNSE pral kolabore avèk Trinity Alliance of the Capital Region and Girls Inc. of the Greater Capital Region pou devlope ak distribiye pwogram edikasyon nano-teknoloji ak pwogram fòmasyon mendèv, anpil ladan yo ap nan avantaj jèn moun nan anviwònman ak kominote iben ki gen sitwayen ki pa reprezante ase depi lontan nan domèn syans, teknoloji, jeni ak matematik (STEM).

Acha biling nan pou \$3 milyon dola CNSE fè nan kredi envestisman nan byen imobilye First State Investors 5200 LLC pral pèmèt modènizasyon yo kòmanse imedyatman pou ede plizyè lokatè. Biling ki la depi 113 ane nan 575 Broadway nan Albany ki te sèvi kòm Union Station vil la pou transpò te lib depi ane 2009.

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418